

# Broward MPO

## Metropolitan Planning Organization


DEPLASE MOUN KREYE TRAVAY RANFÒSE KOMINOTE YO

### GWO PLAN SANT AKTIVITE MOBIL CYPRESS CREEK LA

Sant Aktivite Mobil (Mobility Hub) Cypress Creek la, ki sou wout I-95 ak Cypress Creek nan Fort Lauderdale, se dezyèm pi gwo sant ki anplwaye moun nan Konte Broward. Sant Aktivite a ki gen yon kominote biznis k ap devlope, gen ladan l tou yon varyete chwa transpò, tankou Estasyon Tri-Rail Cypress Creek la, ti navèt Tri-Rail k ap fè ale vini, twa rezo transpò Piblik Konte Broward (BCT), ak wout k ap vin kwaze sou I-95 la. Akòz volim voyaj ki monte epi divès kalite mòd transpò, MPO Broward la ak nan Otorite Transpò Rejyonal Sid Florid (SFRTA) la idantifye bezwen an pou devlopman Gwo Plan Sant Aktivite (Mobility Hub) Cypress Creek la. Patnè yo ki fè Etid la se Depatman Transpò nan Florid (FDOT), Konte Broward, Vil Fort Lauderdale la, vil Oakland Park la, ak Envision Uptown, òganizasyon biznis pou zòn Rezidansyèl/Cypress Creek la. Objektif Gwo Plan

Sant Aktivite Mobil (Mobility Hub) la se etidye koneksyon transpò efikas ki pral ankouraje kwasans ak devlopman k ap kontinye, amelyore espas pou moun mache, ak ankouraje itilizasyon plizyè mòd transpò nan zòn Sant Aktivite Mobil (Mobility Hub) Cypress Creek la.

Etid Gwo Plan an egzamine kondisyon ki deja egziste nan Sant Aktivite Mobil la, epi idantifye estrateji potansyèl pou amelyore koneksyon transpò piblik yo, ansanm ak ankouraje devlopman ekonomik epi fè pwomosyon pou yon anviwònman san danje pou pyeton ak aktivite monte bisiklèt. Gwo Plan an pral pase devan Komisyon Konsèy MPO Broward la pou vòt nan kòmansman ane 2016 la, ak finansman pou aplikasyon rekòmmandasyon yo nan 2017.



Gwo Plan Sant Aktivite Mobil (Mobility Hub) Cypress Creek la idantifye kòman pou amelyore opsyon transpò yo epi ankouraje kwasans ekonomik.

Pou aprann plis sou Sant Aktivite Mobil (Mobility Hub) Cypress Creek la, tanpri ale sou sit [www.browardmpo.org/Services/mobility-hubs/cypress-creek-mobility-hub](http://www.browardmpo.org/Services/mobility-hubs/cypress-creek-mobility-hub)

- KISA KI LADANN**
- MESAJ PREZIDAN
  - RANKONT POU LARI SAN DANJE
  - Y AP PRAN APLIKASYON POU CSLIP!
  - EDIKASYON AK KONSYANTIZASYON



**Komisyonè  
Richard Blattner**  
Prezidan, Broward MPO  
Vil Hollywood, Distrik 4

# MESAJ PREZIDAN AN

Nan yon efò pou gen plis moun ki enplike nan pwosesis pran desiyon pou transpò a, Komisyon Konsèy IMPO Broward a te deside ogmante kantite manm ki gen dwa vote nan MPO a soti 19 pase 25. Estrikti Komisyon Konsèy la kounye a gen 19 manm ki ka vote ak 18 manm altènatif ki reprezante 31 minisipalite yo nan Konte Broward la, Komisyon Konte Broward la, Otorite Rejyonal Transpò Sid Florid (SFRTA), ak Komisyon Konsèy Lekòl Konte Broward la. Pandan ke chak manm altènatif patisipe nan diskisyon ak deba yo, se pa tout moun ki ka vote an reyaltite sou pwoblèm yo ki devan Komisyon Konsèy la. Yo pèmèt manm altènatif yo, selon kantite popilasyon yo reprezante, pou vote sèlman lè manm regilye yo ki ka vote pa la.

Avèk chanjman sa a, vil Coconut Creek, Hallandale Beach, Margate, North Lauderdale ak Oakland Park pral gen kounye a yon enfliyans plis dirèk sou direksyon Komisyon Konsèy la, epi Komisyon Konte Broward la ap genyen yon reprezantan an plis. Nou kwè lè nou ogmante kantite manm MPO yo ki ka vote, n ap fè pwomosyon pou posiblite pou tout minisipalite (gwo ak piti) ka fè yo tandè yo, epi asire nou pwojè transpò yo distribiye egaleman nan tout rejyon nou an. Lè tout kominote nou yo patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò a, nou ka pi byen sèvi rezidan yo ak biznis yo ki depann sou wout, tren, otobis, ak transpò anlè pou fè depasman yo.

## VINN PATISIPE AVÈK NOU NAN RANKONT POU LARI SAN DANJE 2016!



Nan dat 29 janvyè 2016, twazyèm rankont anyèl pou lari san danje MPO Broward la ap fèt nan Hotel DoubleTree nan Deerfield Beach sòti 8:00 am pou 5:30 pm. Rankont ane sa a pral konsantre sou sekirite pyeton ak fasilite, mete aksan sou angajman nou pou kreye ak amelyore Wout nan Bon Kondisyon. Lòt bagay k ap gen nan Rankont 2016 la se moun k ap ran lapawol tankou Barbara McCann, Direktè U.S. Biwo Sekirite, enèji ak anviwònman nan Department Transpòtasyon ak Charles Marohn, Prezidan ak Fondatè Strong Towns. Evènman an pral gen tou yon depasman gratis nan Deerfield Beach pou ale bò lanmè kote pyeton ka mache touswit apre lòt evènman yo nan jounen an.



### STEP FORWARD TO COMPLETE STREETS

[WWW.S3BROWARD.COM](http://WWW.S3BROWARD.COM)

### SAFE STREETS SUMMIT

**JANUARY 29<sup>TH</sup>, 2016**  
8:00 AM - 5:30 PM\*  
REGISTRATION OPENS AT 7:30 AM  
**DOUBLETREE HOTEL**  
100 FAIRWAY DRIVE  
DEERFIELD BEACH, FL 33441

Featuring Barbara McCann  
Director of the Office of Safety, Energy, and Environment at the U.S. Department of Transportation

**Early Registration**  
Oct 19<sup>th</sup> - Jan 3<sup>rd</sup> \$40 for government and non-profit agencies and \$60 for non-government attendees.

**Late Registration**  
Jan 4<sup>th</sup> - Jan 25<sup>th</sup> \$60 for government and non-profit agencies and \$80 for non-government attendees.

\*Includes FREE trolley ride to Deerfield Beach's pedestrian friendly oceanfront sponsored by Oceans 234.

#### CONTACT

Anthea Thomas  
thomasa@browardmpo.org - 954-876-0034

To register, please visit:  
[wtsevents.org/chapter/sfwts](http://wtsevents.org/chapter/sfwts)

BROUGHT TO YOU BY:



IN PARTNERSHIP WITH:



**APLIKASYON LOUVRI DEPI KOUNYE A POU JIS 25 JANVYE, 2016.  
ASIRE EPI APLIKE. PLAS VIT YO AP RANPLI BYEN VIT!**

**POU ANREJISTRE POU RANKONT LA, TANPRI  
ALE SOU SIT ENTÈNÈT: [WWW.S3BROWARD.COM](http://WWW.S3BROWARD.COM)**



**BROWARD  
COMPLETE STREETS**  
Safer, Healthier Streets for ALL Users

## POU PWOGRAM WOUT KONPLÈ AK Lòt PWOJÈ LOKAL (CSLIP) - APLIKE KOUNYE A!

Pou fè yon swivi apre dènye bilten nou an, aplikasyon pou Pwogram Wout oubyen Lari nan Bon Kondisyon ak Lòt Inisyativ Lokal (CSLIP) disponib kounye a. Dat limit aplikasyon pou CSLIP a se 15 janvyè 2016.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite : [www.browardmpo.org/programs/transportation-alternatives-program](http://www.browardmpo.org/programs/transportation-alternatives-program)

## KONSÈY ENTÈAKTIF: Enfòm sou pwòjè transpò nan katye ou!

Zouti pou Pwogram Entèaktif Pou Amelyorasyon Transpò (TIP) a ka ede w jwenn pwòjè transpòtasyon k ap vini nan katye ou a. Zouti enteresan sa a, ki gen yon pwòjeksyon sou 5 lane, pral pèmèt ou sèvi ak divès kalite eleman pou fè rechèch menm jan tou ak yon kat jeyografik entèaktif w ap kapab "klike sou li".

Al gade sa k ap pase nan katye w lè ou vizite: [broward.dtstiptool.com/](http://broward.dtstiptool.com/)

## 3yèm Evenman Anyèl "Ann al monte bisiklèt"

Nan selebrasyon Mwa Nasyonal Bisiklèt, Broward MPO a, ansanm ak Vil Pembroke Pines la, Sèvis Commuter Sid Florid, FDOT, Depatman Parks & Recreation Konte Broward la, ak lòt òganizasyon lokal yo pral òganize **3yèm Evenman Anyèl "Ann al monte bisiklèt."**

Aktivite bisiklèt la ane sa a pral fèt nan **CB Smith Park, ki chita nan 900 N. Flamingo Road, Pembroke Pines, FL 33028.** Soti nan **9:00 am – pou 11:00 am jou 6 Mas 2016 la**, tanpri vin

jwenn nou pou nou fè yon gwoup k ap monte bisiklèt ansanm ak plizyè lòt aktivite tankou kado kas bisiklèt ak manje lokal! Alòske rantre nan CB Smith Park se \$1.50 pou chak moun ki gen plis pase senk lane, rantre nan evènman "Ann monte bisiklèt la" gratis! N ap tann ou, ak fanmi ou ak bisiklèt ou jou 6 Mas la!



## JOU KARYÈ NAN KONSTRIKSON

Jou kite 20 ak 21 Oktòb la, MPO Broward la te patisipe nan jou konstriksyon Karyè anyèl nan Sid Florid, ki te fèt nan Bergeron Rodeo Grounds nan Davie. Anplwaye MPO a te patisipe nan evènman ane sa a lè yo te pale ak elèv nan zòn nan sou Wout nan Bon Kondisyon kote yo sèvi avèk StreetMix lojisyèl, ki pèmèt itilizatè yo desinen kalite kote yo ta renmen viv. Elèv te ajoute lòt babay nan lari yo tankou kote pou rete tann transpò piblik la, wout pou bisiklèt, ak pye bwa pou fè lari yo pi bèl.

Depi 1999, Jou Karyè nan Konstrikasyon te vin yon pwogram konsyantizasyon enpòtan pou ankouraje elèv lekòl segondè yo pouswiv karyè nan endistri transpò ak konstriksyon yo. Avèk pakèt nouvo moun ki abite Florid ak endistri touris la k ap devlope, demann pou travayè konstriksyon ki kalifye ak pwofesyonèl kontinye ap ogmante.

Pou plis enfòmasyon sou Jou Karyè nan konstriksyon ak divès kote yo ye toupatou nan eta a, tanpri vizite: [www.ccdfi.com/](http://www.ccdfi.com/)



NOU  
SWIV

Sonje pou patisipe nan konvèsasyon sou transpò nan Broward pandan w swiv Speak Up Broward (Pale Broward) anba a.



## RETE KONEKTE PATISIPE.

Swiv nou pou jwenn dènye enfòmasyon sou transpòtasyon nan Broward

SIT: [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)

FACEBOOK: [www.facebook.com/SpeakUpBroward](http://www.facebook.com/SpeakUpBroward)

TWITTER: [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](http://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)

LINKEDIN: [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](http://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)

YOUTUBE: [www.youtube.com/watch?v=p85ym801z10](http://www.youtube.com/watch?v=p85ym801z10)

INSTAGRAM: [www.instagram.com/speakupbroward](http://www.instagram.com/speakupbroward)



Sant Komès Sid

100 West Cypress Creek Road, Suite 850  
Fort Lauderdale, FL 33309-2112  
(954) 876-0033 • www.browardMPO.org

PRSR STD  
TENB LAPÒS  
PEYE  
FT. LAUDERDALE, FL  
PÈMI #3973

## ede nou vin vèt!

Mande pou resewa bilten enfòmasyon Broward MPO a pa imèl; pou fè sa, kontakte Chris Ryan nan [ryanc@browardMPO.org](mailto:ryanc@browardMPO.org) oswa rele nan (954) 876-0036

Ale sou sit entènèt nou nan [www.BrowardMPO.org](http://www.BrowardMPO.org)

### DAT REYINYON YO K AP GEN POU FÈT

	JANVYE	FEVRIYE	MAS	AVRIL
KOMITE EGZEKUTIF MPO RANKONTRE IYE JEDI 9:30 AM	PA GEN REYINYON	4	3	7
ÒGANIZASYON PLANIFIKASYON VIL NAN BROWARD (MPO) RANKONTRE CHAK ZYÈM JEDI A 9:30 AM	PA GEN REYINYON	11	10	14
KOMITE POU KOWÒDINASYON TEKNIK (TCC) RANKONTRE CHAK 4YÈM MÈKREDI A 2:30 P.M.	27	24	23	27
TAB WANN POU PATISIPASYON NAN KOMINOTE (CIR) RANKONTRE CHAK 4YÈM MÈKREDI A 6:00 P.M.	27	24	23	27
BIWO POU KOWÒDINASYON LOKAL (LCB) KOMISYON KONSÈY (LCB) RANKONTRE 4YÈM LENDI A 2 P.M.	25	PA GEN REYINYON	PA GEN REYINYON	25
KOMITE KONSILTATIF POU TOUT TEKNIK LARI (TAC) RANKONTRE ZYÈM LENDI A 2 P.M.	11	PA GEN REYINYON	14	PA GEN REYINYON

\*Dat yo chanje akòz jou ki pa gen travay oswa konfli

Tout reyinyon yo ap fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room), Swit 850, nan imèb Trade Centre South. Ia. Yo mande patisipasyon piblik la san rapò ak ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikape oswa estati fanmi. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal anba Lwa Ameriken ki Andikape (ADA) oswa moun ki bezwen sèvis pou tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org). Si ou gen pwoblèm pou tande, rele 1 (800) 273-7545 (TDD).

Pou plis enfòmasyon sou reyinyon k ap gen pou fèt yo, pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa civil oswa diskriminasyon; oswa pou demann espesyal anba Lwa ADA a, tanpri kontakte: [Christopher Ryan, Ofisye Enfòmasyon Piblik/ Koòdonatè Tit VI nan \(954\) 876-0036 oswa \[ryanc@browardmpo.org\]\(mailto:ryanc@browardmpo.org\)](mailto:Christopher.Ryan@browardmpo.org).

### ÈSKE OU TE KONNEN ?

MPO a ap travay ak minisipalite nou yo, Konte Broward la, FDOT, ak Administrasyon Federal Vwa Fere a pou etabli Zòn Trankil yo nan pati lès koridò tren a nan moman tren Brightline pou pasaje yo (ki opere pa All Aboard Florida) kòmanse travay nan lane 2017.



Pou plis enfòmasyon sou efò MPO a ap fè epi kisa sa vle di pou ou, tanpri vizite sit entènèt: [www.browardmpo.org/etid-pwojè-yo/zòn-trankil-yo](http://www.browardmpo.org/etid-pwojè-yo/zòn-trankil-yo)